

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan, analisis, jeung pedaran kamampuh nulis biografi ngagunakeun média *flash card* ka siswa kelas X MIA 3 SMAN 10 Bandung taun ajaran 2015/2016, bisa dicindekkeun kayaning ieu di handap.

- 1) Kamampuh nulis biografi siswa kelas X MIA 3 SMAN 10 Bandung taun ajaran 2015/2016 saméméh ngagunakeun média *flash card* kaasup kana kritéria can mampuh. Éta hal katitén tina rata-rata peunteun anu dicangking siswa nyaéta 60,51. Hartina loba kénéh siswa anu can mampuh nulis biografi. Tina jumlah siswa 39 urang ukur 6 urang (15%) anu meunang peunteun  $>70$ , kalayan asup kana kriteria mampuh nulis biografi, sedengkeun 33 urang (85%) meunang peunteun  $<70$ , kalayan asup kana kritéria can mampuh nulis biografi. Ari skor pangluhurna anu dicangking ku siswa nyaéta 77, sedengkeun skor panghandapna nyaéta 50. Lian ti éta, ditilik tina segi aspék-aspék penilaian ogé rata-rata peunteun siswa dina nulis biografi aya dina kritéria sedeng-cukup.
- 2) Kamampuh nulis biografi siswa kelas X MIA 3 SMAN 10 Bandung taun ajaran 2015/2016 sanggeus ngagunakeun média *flash card* kaasup kana kritéria mampuh. Éta hal katitén tina rata-rata peunteun anu dicangking siswa nyaéta 82,74. Hartina kamampuh nulis siswa sanggeus ngagunakeun média *flash card* kaasup kana kritéria mampuh nulis biografi. Tina jumlah siswa 39 urang, 37 urang (95%) anu meunang peunteun  $>70$ , kalayan asup kana kriteria mampuh nulis biografi, sedengkeun 2 urang (5%) meunang peunteun  $<70$ , kalayan asup kana kritéria can mampuh nulis biografi. Ari skor pangluhurna anu dicangking ku siswa nyaéta 93, sedengkeun skor panghandapna nyaéta 59. Ku kituna, tina hasil *posttest* bisa dicindekkeun yén kamampuh nulis siswa kelas X MIA 3 SMAN 10 Bandung taun ajaran 2015/2016 ngaronjat atawa nyugemakeun sanggeus ngagunakeun média *flash card*. Lian ti éta, ditilik tina segi aspék-aspék *penilaian* ogé rata-rata peunteun na aya dina kritéria cukup-alus.

- 3) Aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis biografi siswa kelas X MIA 3 SMAN 10 Bandung taun ajaran 2015/2016 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *flash card*. Éta hal bisa kabukti tina hasil uji normalitas data, anu nuduhkeun yén tina hasil uji normalitas tina data *pretest* nilai  $X^2_{\text{itung}}$  nyaéta -10974,59, sedengkeun nilai  $X^2_{\text{tabé}}$  kalayan dk = 3 jeung derajat kapercayanana 99% nyaéta 11,3. Hasil tina uji normalitas data *posttest* nilai  $X^2_{\text{itung}}$  nyaéta -15639,32, sedengkeun nilai  $X^2_{\text{tabé}}$  kalayan dk = 3 jeung derajat kapercayanana 99% nyaéta 11,3. Éta hartina  $X^2_{\text{itung}}$  data *pretest* jeung *posttest* leuwih leutik tibatan  $X^2_{\text{tabel}} (X^2_{\text{itung}} < X^2_{\text{tabé}})$ . Ku kituna, bisa dicindekkeun yén sipat data atawa distribusi data *pretest* jeung *posttest* miboga sipat disribusi normal. Lian ti éta, hasil uji homogénitas tina data *pretest* jeung *posttest* nuduhkeun yén  $F_{\text{itung}}$  (0,29) leuwih leutik tibatan  $F_{\text{tabel}}$  (2,22) atawa  $F_{\text{itung}} < F_{\text{tabel}}$ . Éta hartina, distribusi variansi data saméméh jeung sanggeus kaasup kana variansi anu homogén. Tuluy hasil tina uji gain nuduhkeun yén tina hasil *pretest* jeung *posttest* siswa ngaronjat nyaéta tina 60,51% jadi 82,7%. Éta hartina pangaruh média *flash card* dina ngaronjatkeun kamampuh nulis biografi siswa nyaéta 22,2%. Salian ti éta, tina hasil uji hipotésis kapaluruh yén  $t_{\text{itung}}$  (20,39) leuwih gedé tibatan  $t_{\text{tabé}}$  (2,46) atawa  $20,39 > 2,46$ . Ku kituna, hipotésis alternatif (Ha) ditarima, sedengkeun hipotésis nol (Ho) ditolak, éta hartina aya béda anu signifikan kamampuh nulis biografi siswa kelas X MIA 3 SMAN 10 Bandung taun ajaran 2015/2016 antara saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *flash card*. Ku kituna, bisa dicindekkeun yén média *flash card* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis biografi siswa kelas X MIA 3 SMAN 10 Bandung taun ajaran 2015/2016.

## 5.2 Implikasi

Implikasi tina larapna média *flash card* dina pangajaran nulis biografi anu dilakukeun ka siswa kelas X MIA 3 SMAN 10 Bandung taun ajaran 2015/2016 nyaéta ieu di handap.

- 1) Larapna média *flash card* meunang sawangan anu positif boh ti siswa boh ti guruna. Éta hal alatan dina prak-prakanana média *flash card* kawilang leuwih ngirut sarta pikaresepeun.
- 2) Ayana rupa-rupa kartu anu dijerona ngandung gambar jeung kekecapan anu béda-béda, jadi salah sahiji alesan pikeun numuwuhkeun kamampuh siswa dina nulis biografi.
- 3) Siswa leuwih maham kana unsur-unsur biografi jeung kekecapan anu merenah pikeun digunakeun dina tulisan biografi.
- 4) Média *flash card* dilarapkeun dina pangajaran nulis biografi, ku sabab miboga potensi anu hadé pikeun numuwuhkeun kamampuh nulis jeung ngarangsang pamikiran siswa sangkan teu kawatesanan nalika ngedalkeun hal-hal anu aya dina eusi haté atawa pamikiranana jeung ngabantu siswa dina ngalarapkeun kekecapan anu merenah dina karya tinulisna.

## 5.3 Saran

Dumasar kana hasil panalungtikan ngeunaan média *flash card* dina pangajaran nulis biografi siswa kelas X MIA 3 SMAN 10 Bandung taun ajaran 2015/2016, ieu di handap aya sababaraha saran pikeun lajuning laku ieu panalungtikan.

- 1) Hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun nuduhkeun yén média *flash card* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis biografi. Ku kituna, ieu média bisa jadi bahan alternatif pikeun guru dina pangajaran biografi, ogé pikeun ngaronjatkeun kamampuh pangajaran séjénna.
- 2) Saupama ngagunakeun média *flash card*, kudu leuwih kréatif dina nangtukeun atawa milih kartu anu rék digunakeun. Eusi anu aya dina kartu bisa ditambahan ku unsur-unsur séjén, saperti simbol, téks, tanda, jsb, kalayan disaluyukeun jeung tujuan anu baris dihontal.

- 3) Téhnik atawa cara nalika ngagunakeun média *flash card*, bisa ngagunakeun cara-cara anu variatif tur matak pikaresepeun. Salah sahijina bisa dibarengan ku cara ngagunakeun modél-modél pangajaran.
- 4) Kudu leuwih asak dina ngararancang média atawa dina prak-prakan ngagunakeun éta média, sangkan meunangkeun hasil anu nyugemakeun.
- 5) Ku sabab dina ieu panalungtikan ukur dilaksanakeun kalayan ngagunakeun métode kuasi ékspérimén dina pangajaran nulis biografi ka siswa kelas X MIA 3 SMAN 10 Bandung, ku kituna kudu aya panalungtikan kahareupma ngeunaan média *flash card* anu ditalungtik kalayan ngagunakeun métode séjénna, sangkan leuwih kabukti kaéféktifanana tina ieu modél.